

Konsèy Jistis Anviwònmantal

Reyinyon #17 • 14 novanm 2024 • 6:15 pm



LOJISTIK

- ➔ Language Interpretation is being offered in: Español, Kreyòl ayisyen, 普通话, Kriolu, Português, Tiếng Việt, عربي, русский, ខ្មែរ, and American Sign Language (ASL)
 - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
 - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
 - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
 - Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
 - Pa patisipe na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Kriolu".
 - 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 “Chinese”。
 - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.
 - "العربية" ثم اختر "الترجمة الفورية" للمشاركة باللغة العربية اضغط على أيقونة
 - Чтобы принять участие на английском языке, нажмите на ярлык «Устный перевод» и выберите английский.
 - រើសអ្វីចូលរួមជាភាសាខ្មែរ សូមចុច រូបតំណាងការបកស្រាយ រើសជ្រើសរើសភាសាខ្មែរ។

➔ Tanpri pale dousman.

➔ Tout patisipan yo dwe chwazi yon chanèl lang, menm si yo gade prezantasyon an nan lang anglè.



➔ Si ou ta renmen yon vèsyon tradui dyapozitiv yo, tanpri ale sou sit entènèt EJC a nan: <https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-c-council-ejc-meetings>

Y AP ANREJISTRE REYINYON SA A



Konsèy Jistis Anviwònmantal

Reyinyon #17

Jedi 14 novanm 2024, 6:15 pm

An Pèsòn kote: Taunton, MA

Bibliyotèk Piblik Taunton

12 Pleasant St, Taunton, MA 02780



Lojistik ak Ajenda

Lojistik


- ➔ Language Interpretation is being offered in: Español, Kreyòl ayisyen, 普通话, Kriolu, Português, Tiếng Việt, عربي, русский, ខ្មែរ, and American Sign Language (ASL)
 - To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
 - Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
 - Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
 - Pou rantre nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn "Entèpretasyon" an epi chwazi "Kreyòl ayisyen "
 - Pa partisipa na Kriolu, klika na ikone "Intirpretason" y silisyon "Cape Verdean Kriolu".
 - 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 "Chinese".
 - Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.
 - "العربية" اختر ثم "الفورية الترجمة" أيقونة على اضغط العربية باللغة للمشاركة
 - Чтобы принять участие на английском языке, нажмите на ярлык «Устный перевод» и выберите английский.
 - រើម្បីចូលរួមជាភាសាខ្មែរ សូម ចុច "រូបតំណាង ការ បកស្រាយ វីដេអូ" រើស ភាសា ខ្មែរ។

➔ Tanpri pale dousman

- ➔ Tout patisipan yo dwe chwazi yon chanèl lang, menm si yo gade prezantasyon an nan lang anglè.



- ➔ Pou yon vèsyon tradui dyapozitiv yo, tanpri ale sou sit entènèt EJC a nan: <https://www.mass.gov/service-details/environment-justice-ccouncil-ejc-meetings>
- ➔ Tout liy yo pral koupe pandan prezantasyon yo.
- ➔ Liy lan ap louvri pou kòmantè oral apre prezantasyon yo.
- ➔ Si ou gen yon kesyon klarifikasyon oswa yon pwoblèm lojistik oswa teknik pandan prezantasyon yo, tanpri tape li nan bwat Q&A (Kesyon ak Repons) a.



- ➔ Kontakte responsab wèbinè ERG a **Kecil John** nan meeting@erg.com pou tout pwoblèm teknik oswa kesyon.



Ajenda

	<u>Tan Apwoksimatif</u>
▪ Apèsi sou Reyinyon an, Lojistik ak Ajenda	6:15 PM
▪ Apèl ak Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon EJC (Konsèy Jistis Anviwònmantal) Anvan yo	6:20 PM
▪ Kesyon ak Kòmantè Piblik la	6:25 PM
▪ Repons pou Kòmantè yo (lè sa apwopriye)	6:35 PM
▪ Pwojè Sant Enfòmasyon an	6:45 PM
▪ Estrateji EJ Tribal	7:05 PM
▪ Kesyon ak Kòmantè Piblik la	7:20 PM
▪ Repons pou Kòmantè yo (lè sa apwopriye)	(si tan an pèmèt sa)
▪ Pwochen Etap ak Kloti Reyinyon an	7:30 PM



Apwobasyon Pwosè Vèbal ak Apèl Nominal Reyinyon 21 septanm 2023 a: Manm Konsèy EJ (Jistis Anviwònmantal) yo

- Kalila Barnett
- Madeline Fraser Cook
- Melissa Harding-Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Namrita Kapur
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- María Belén Power
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Ari Zorn
- Miles Gresham

Kòmantè ak Kesyon Piblik la

*Tanpri limite chak kòmantè a de minit pou pèmèt
lòt moun pale*

Pwojè Sant Enfòmasyon an


**Opsyon pou yon Sant Enfòmasyon
sou Dekabonizasyon Bilding yo:**

**Demann pou Kontribisyon
Entèvenan yo nan non Biwo
Egzekitif Afè Enèjetik ak
Anviwònmantral Massachusetts la**

Novanm/Desanm 2024



Wèbinè Lojistik



Patisipan yo otomatikman sou silans



Kesyon yo ka soumèt atravè fonksyon Q&A (Kesyon ak Repons lan)



Twa fason pou bay kòmantè apre prezantasyon an:

- Itilize fonksyon chat la
- Leve men ou epi n ap retire w sou silans
- Reponn fòm sondaj la - nou pral pataje lyen an, sondaj la disponib jiska 9/12

Objektif Dyapozitiv yo

- **Bay enfòmasyon jeneral:** sou objektif yo, pwosesis la, ak estati pwojè Sant Enfòmasyon Dekarbonizasyon Blding lan
- **Opsyon Pataj:**
 - Apèsi sou de modèl administratif altènatif yo
 - Eleman komen nan chanjman ki ta aplike yon fason idantik oswa menm jan pou youn oswa lòt
- **Fidbak jiridik pou EEA:**
 - Ki eleman ki t ap bay avantaj ki pi enpòtan yo? Ki eleman ki ka difisil oswa ki bezwen chanjman?
 - Èske yon modèl administratif pi bon pase lòt la?

Kèk akwonim ak definisyon

Dekarbonizasyon Bilding: se pwosesis pou diminye emisyon gaz a efè tèmik ki soti nan bilding rezidansyèl ak sa ki pa rezidansyèl nan diminye konsomasyon enèji, elektrifikasyon aparèy tankou chofaj ak dlo cho, ak pwodiksyon enèji pwòp

EEA: Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmantal

Chaj enèjetik: Pri bòdwo enèji kòm yon pati nan revni

JA: Jistis Anviwònmantal, yon deziyasyon eta a nan kominote ki satisfè sèten definisyon ki gen rapò ak enèji ak ekite anviwònmantal ak enjistis

GET: Gaz a efè tèmik, ki lakòz chanjman nan klima

IOU: Sèvis Piblik ki pou Envestisè, ki ka elektrisite ak/oswa gaz

MLP: Konpayi Elektrik Minisipal, yon sèvis piblik elektrik minisipal

PA: Administratè Pwogram, youn nan antite ki administre Mass Save, sètadi IOU yo plis Cape Light Compact la)

Kontèks

Poukisa yon Sant Enfòmasyon sou Dekarbonization Blding yo?

- **Komisyon Massachusetts sou Chalè Pwòp** te rekòmande nan rapò final 2022 li a pou rekonstwi yon Mass Save refòm nan kad "Sant enfòmasyon sou Dekarbonizasyon Blding nan". De objektif prensipal yo se te fè pwogrese dekarbonizasyon ekitab alontèm ak mete aksan sou konsepsyon ki baze sou kliyan pou kreye yon espas "plizyè sèvis yon sèl kote " ki ta "konpreyansib ak aksesib" pou konsomatè yo.
- Biwo Egzekitif Afè Enèjetik ak Anviwònmanal Massachusetts (EEA) te anboche yon ekip konsiltasyon ki te dirije pa VEIC epi ki te sipòte pa Gwoup Salomon pou fè rechèch ak devlope opsyon pou yon Sant enfòmasyon posib, tankou an relasyon ak Mass Save.

Kisa yon Sant Enfòmasyon sou Dekarbonizasyon Blding ye?

Yon Sant Enfòmasyon sou Dekarbonization Blding ta dwe yon resous santralize ki fèt pou ede moun, biznis, ak òganizasyon navige divès pwogram, ankourajman ak teknoloji ki disponib pou diminye emisyon gaz a efè tèmik yo. Li ka sèvi kòm yon biznis ki gen plizyè sèvis pou enfòmasyon sou efikasite enèjetik, elèktrifikasyon, enèji renouvlab ak lòt estrateji dekarbonizasyon.

Relasyon ak Mass Save

Mass Save se yon inisyativ efikasite enèjetik ki la depi lontan e ki rekonèt nan nivo nasyonal pou (ak finanse pa) IOU ak kontribyab Cape Light Compact pou diminye depans ak domaj anviwònmanal ki gen rapò ak itilizasyon enèji. Fonksyon prensipal li se ede konsomatè yo nan chèche "tout efikasite enèjetik rantab".

Chak twa ane, PA Mass Save yo ak entèvenan yo devlope yon nouvo plan pwogram ki tabli estrateji, bidjè ak mezi pwogram nan dapre lwa ak règleman ki an vigè yo. Plan 2025-2027 la te depoze dènyèman pou revizyon nan Depatman Sèvis Piblik yo, yon pwosesis ki gen ladan patisipasyon piblik la.

Nouvo plan an gen ladan anpil karakteristik ki vize pou bay pi gwo sipò kliyan pou dekarbonizasyon ekitab. Plan an dwe konfòme li avèk lwa ak règleman ki egziste deja, tankou objektif jeneral ak limit sou finansman. Opsyon Sant Enfòmasyon ki anba yo ta *chanje* lwa, règleman, egzijans ak lòt kontrent estriktirèl ki aplike aktyèlman nan Mass Save.

Komite Konsiltatif pou Ekite

Avèk konsèy ak enstriksyon EEA, VEIC ak Solomon te fòme yon Komite Konsiltatif Ekite tanporè (EAC) ki gen nèf moun pou sipòte konsiderasyon pèspektiv ekite yo.

Komite a te konpoze ak entèvenan ki soti nan tout eta a pou bay konsèy sou sijè ki gen rapò ak jistis anviwònmanal ak pwosedi ekitab ak estrikti pwogram, epi pou sipòte nou nan pi bon konpreyansyon eksperyans kliyan yo te viv.

Manm EAC yo te soti nan divès orijin tankou defans enèji, konseye politik, ak reprezantan kominote ak minisipalite yo.

Sous Done yo

Te gen plizyè sous opinyon ki te mennen nan preparasyon opsyon yo:

- Entèvyou inisyal avèk apeprè 30 moun ki gen konesans nan peyizaj pwogram aktyèl la
- Katografi peyizaj pwogram ki egziste deja a (plis pase 50 pwogram ak pwojè pilòt)
- Rechèch ki soti nan lòt eta yo pou ranmase leson ak pi bon pratik ki gen rapò ak posiblite yon Sant Enfòmasyon
- Konsiltasyon ak Komite Konsiltatif Ekite a
- Revizyon Plan Draft Mass Save 2025-2027 la
- Konsiltasyon repetitif avèk anplwaye ak wo grade nan ajans EEA yo sou chwa ak opsyon konsepsyon

Konprann Opsyon Sant Enfòmasyon yo

Prezantasyon sa a gen ladan **de opsyon pou fason yo ta administre Sant Enfòmasyon an**: pa yon **(A) nouvo antite nan tout eta a**, oswa pa **(B) yon seri PA aktyèl Mass Save** yo ki modifye. Jan sa dekri nan pwochen dyapozitiv la, kèk chanjman ta dwe aplike kèlkeswa opsyon administratif la, kèk ta dwe aplike diferan selon opsyon administratif A oswa B.

Yo te chwazi chak eleman nan opsyon Sant Enfòmasyon yo pou reponn a yon bezwen oswa defi yo idantifye pandan pwojè a. Pifò nan rès dyapozitiv yo dekri yon bezwen kle oswa defi ak yon chanjman posib pou adrese li. (Gen kèk defi ki bezwen repons miltip, epi gen kèk repons ki adrese bezwen miltip.)

An jeneral, chak chanjman isit la ta pèmèt oswa mande pou PA nan lavni yo **ale pi lwen** oswa fè bagay sa yo **yon fason diferan** pase sa yo mande oswa pèmèt anba Mass Save kounye a, men yo direksyonèlman koyeran avèk chanjman nan nouvo plan an.

Bezwen kle ak defi nou te tande

1. Kliyan yo ka alafwa *manke* enfòmasyon yo ka fè konfyans epi *akable* pa enfòmasyon ak mesaj ki vin jwenn yo.
2. Kliyan yo ka pèdi nan navigasyon ant diferan pwogram yo, tankou ofiamezi kantite pwogram leta ak federal yo ap ogmante.
3. Anpil kliyan bezwen sipò pi apwofondi ak "kenbe men" pou konprann opsyon yo epi rasanble resous pou konplete pwojè amelyorasyon bilding yo.
4. Dekarbonizasyon bilding yo fèt pa etap epi li bezwen sipò nan tan an.
5. Pri dekarbonizasyon an se yon baryè pou anpil kliyan.
6. Kliyan yo gen aksè diferan nan pwogram (ak ankourajman) selon teritwa sèvis piblik kote yo ap viv la.
7. Ekite ak fwaye EJ yo bezwen plis sansibilizasyon ak angajman pou asire yo ka benefisye de pwogram yo plis pase nan tan lontan.
8. Bezwen ranfòse korelasyon ant livrezon pwogram dekarbonizasyon yo ak reyalizasyon objektif CECF eta a.
9. Li nesesè pou fè plis pou santre objektif pou diminye chaj enèjetik la, menm si dekarbonizasyon prezante nouvo/pi gwo defi pou chaj enèjetik la.
10. Dezi pou administratè ki ann amoni ak misyon ak transparans done ak responsablite klè.

Reponn menm bagay
la kèlkeswa modèl
administratif la

Repons la varye
selon modèl
administratif la



1. **Kliyan yo ka alafwa manke enfòmasyon yo ka fè konfyans epi akable pa enfòmasyon ak mesaj ki vin jwenn yo.**

Konsolide ak kowòdone maketing, edikasyon, ak kontak

- Sant Enfòmasyon an ta responsab pou egzekisyon maketing konsolide kliyan nan tout eta a, edikasyon ak sansibilizasyon pou tout aspè efikasite ak dekabonizasyon nan Commonwealth la
- Maketing, edikasyon, ak sansibilizasyon ta sipòte plizyè pwogram men yo dwe kowòdone ak rasyonnalize atravè plizyè chanèl
- Si/lè yon nouvo pwogram, zouti, oswa opòtinite finansman vin disponib, maketing ak kontak ta dwe kowòdone

2. Kliyan yo ka pèdi nan navigasyon ant diferan pwogram yo, tankou ofiamezi kantite pwogram leta ak federal yo ap ogmante.

Kreye yon vrè eksperyans pwogram "plizyè sèvis yon sèl kote"

- Sant Enfòmasyon an responsab pou eksperyans kote kliyan jwenn plizyè sèvis yon sèl kote ki konsolide aspè kontak ak kliyan an nan pifò òf dekabonizasyon bilding nan Commonwealth la (egzanp evalyasyon bilding inifye, asistans teknik, zouti planifikasyon dekabonizasyon avèk tan an, sipò ak kalifikasyon ak enskripsyon, elatriye)
- Ajans yo ta ka kenbe yon pati nan administrasyon pwogram nan, men **aspè kontak avèk kliyan** yo ta dwe konsolide



3. Anpil kliyan bezwen sipò pi apwofondi ak "kenbe men" pou konprann opsyon yo epi rasanble resous pou egzekite pwojè amelyorasyon bilding yo.



Kreye yon platfòm done nan tout eta a, epi

- Yon platfòm done ki gen enfòmasyon konplè sou bilding yo ak jan kliyan yo te patisipe nan pwogram yo, oswa yo ta ka elijib pou yo
- Yon platfòm done ka konsève enfòmasyon sou patisipasyon kliyan an nan plizyè pwogram pou Sant Enfòmasyon pi byen kapab trete kliyan an kòm yon kliyan antye/bilding antye

Konsolide asistans kliyan ak sipò

- Yon sèl evalyasyon bilding sèl ta bay tout enfòmasyon ki nesèsè pou patisipasyon nan nenpòt òf dekabonizasyon nan men eta a (epi ogmante platfòm done a pou fè sa)
- Konsolidasyon sipò pou kalifikasyon atravè òf yo fè li pi fasil pou wè tout sipò ki disponib pou yon kliyan, soti nan kredi taks sou ponp chalè rive nan finansman asenisman kay yo

4. Dekarbonizasyon bilding yo fèt pa etap epi li bezwen sipò nan tan an.



Egzije planifikasyon alontèm, epi

- Dapre tou de modèl Administratè a (yo) ta responsab pou yon plan dekarbonizasyon ekitab 10 ane ansanm ak plan 3 ane ki egziste deja yo

Kreye yon platfòm done nan tout eta a

- Yon platfòm done ka gen ladan enfòmasyon sou kliyan ak bilding pou sipòte angajman repete avèk tan an

5. Pri dekarbonizasyon an se yon baryè pou anpil kliyan.



Pèmèt fleksibilite nan finansman pou sipòte objektif dekarbonizasyon yo, epi

- Adopte politik legal pou pèmèt finansman ki dwe itilize ann amoni avèk objektif yo, yon bagay ki limite nan kad rantabilite aktyèl Mass Save la

Afekte finansman adisyonèl ki pa soti nan men kontribyab yo

- Dekarbonizasyon ekitab mande resous siplemantè pa rapò ak Mass Save, tankou ranfòsman kapasite pou chanjman alontèm, egzanp elajisman angajman kliyan
- Yo pa pwopoze okenn sous finansman espesifik

6. Kliyan yo gen aksè diferan nan pwogram (ak ankourajman) selon teritwa sèvis piblik kote yo ap viv la.



R: Sèvi tout kliyan pa yon antite nan tout eta a

- Yon sèl administratè nan tout eta a sèvi tout kliyan yo pa definisyon
- Nouvo antite ta dwe yon otorite prèske gouvènmantral

B: Sèvi kliyan MLP atravè PA nouvo oswa ki deja egziste

- Kliyan MLP yo ta dwe sèvi pa yon PA ki deja egziste (egzanp Eversource oswa National Grid), oswa pa yon nouvo PA MLP yo chwazi pou sèvi kliyan yo ansanm

Kèlkeswa opsyon an, pwogram yo ak sèvis yo ofri yo ta dwe menm bagay la epi finansman ta soti nan men *tout* kontribyab yo



7. Ekite ak fwaye EJ yo bezwen plis sansibilizasyon ak angajman pou asire yo ka benefisye de pwogram yo plis pase nan tan lontan.

A: Etabli ~6 Sant Dekabonizasyon Ekitab rejyonal yo

- Sant ekite rejyonal yo ta bay angajman ak sipò kliyan ki ta mwens lokal pase CFP yo men ki ta bay kapasite oswa sèvis siplemantè ki pa ka finance nan chak kominote.
- Pa egzanp, chak sant rejyonal ta ka gen anplwaye sou teren ki pale tout lang prensipal yo nan rejyon an, oswa moun ki espesyalize nan kontak ak pwopriyetè ti bilding plizyè fanmi yo.
- Sant rejyonal yo ta ka bay tou finansman dirèk pou CBO ki bay sèvis sansibilizasyon oswa angajman

B: Ogmante Patenarya Kominote a Dabò, oswa

- Mass Save kounye a bay finansman pou antite nan plizyè douzèn kominote pou bay kontak ak angajman kliyan
- CFP a ogmante rezo ak relasyon lokal ki egziste deja yo
- Youn nan opsyon yo se ogmante siyifikativman kantite CFP yo

1. Bezwen pou ranfòse korelasyon ant livrezon pwogram dekarbonizasyon yo ak reyalizasyon objektif CECF eta a.

Adopte politik pou enkli responsablite dirèk pou objektif rediksyon GET yo

- Adopte politik legal pou etabli objektif pou Sant Enfòmasyon an, tankou satisfè objektif bilding GET yo
- Objektif sa yo ta ranplase objektif prensipal Mass Save pou kapte "tout efikasite enèjetik rantab"

A: Yon otorite nan tout eta a ta dwe responsab atravè yon Konsèy Administrasyon endepandan, ak branch Egzekitif ak Lejislatif yo

B: PA separe yo ta dwe responsab devan regilatè sèvis piblik yo, epi IOU PA yo ta dwe sijè a ankourajman finansye ki baze sou objektif yo





9. Li nesesè pou fè plis pou santre objektif pou diminye chaj enèjetik la, menm si dekarbonizasyon prezante nouvo/pi gwo defi pou chaj enèjetik la.

→ Sible ak sipòte kliyan avèk yon platfòm done nan tout eta a

Platfòm done a ta gen ladan enfòmasyon sou itilizasyon enèji ak kalifikasyon pou sèvis ki pa gen anpil revni, sa ki pèmèt sib ki baze sou degre chaj enèjetik ak sipò kliyan prepare

Adopte politik pou enkli responsablite dirèk pou objektif ekite ak chaj enèjetik.

A: Yon otorite nan tout eta a ta dwe responsab atravè yon Konsèy Administrasyon endepandan, ak branch Egzekitif ak Lejislatif yo

B: PA separe yo ta dwe responsab devan regilatè sèvis piblik yo, epi IOU PA yo ta dwe sijè a ankourajman finansye ki baze sou objektif yo

10. Dezi pou administratè ki ann amoni ak misyon ak transparans done ak responsablite klè.

A: Etabli yon sèl antite nan tout eta a, oswa

- Yon sèl administratè nan tout eta a ta konsolide tout responsablite nan yon sèl antite
- Sa ta pèmèt plis rantabilite

B: Sèvi tout kliyan yo avèk PA elektrik sèlman

- Sa ta redui kantite PA yo a 4-5 (selon opsyon pou sèvi kliyan MLP yo) ki ta ka rasyonnalize transparans done ak liy responsablite yo
- PA yo te ka kontinye konsolide swivi ak akizisyon konjwen sèvis yo sou yon baz pwogresif

Dapre swa opsyon, sèvis piblik gaz yo pa ta bay kliyan yo pwogram dekarbonizasyon/efikasite, sa ki ta redui tou konfli potansyèl ki ta ka parèt avèk tan an. Kontribyab gaz yo ta toujou kontribye nan (ak benefisye de) pwogram yo.

Objektif Sant Enfòmasyon an

Objektif sa yo ta dwe **prensipal rezilta** Sant Enfòmasyon an ta travay pou reyalize epi rann kont de yo.

Rediksyon chaj enèjetik nan fwaye jistis anviwònmantal yo

Aksè ekitab ak adopsyon teknoloji dekarbonizasyon

Atenn kantite rediksyon GET yo alontèm

Rediksyon depans enèjetik pou kliyan ki pa rezidansyèl yo

Minimize demann pou elektrisite pou diminye bezwen pou nouvo enfrastrikti

Sant Echanj la pa ka atenn objektif sa yo konplètman poukont li; politik, règleman, ak envestisman adisyonèl yo pral nesesè tou pou sipòte objektif sa yo.

Pakou Kliyan Amelyore a

Apre aplikasyon reyisi chanjman sa yo yon kliyan ta gen plis chans pou...

- Resevwa asistans teknik ak resous finansye akòz potansyèl dekarbonizasyon yo ak estati ekite yo
- Idantifye yon sèl mak rekonesab pou tout bezwen dekarbonizasyon ak efikasite yo
- Resevwa sèvis dekarbonizasyon konplè ki gen ladan ankourajman ak pwogram atravè yon sèl pwen kontak
- Resevwa enfòmasyon sible, ki baze sou done, rejyonalman nyanse (lejèman diferan) pou ankouraje yo pwofite de resous yo ofri yo



Egzanp Pakou Kliyan

Yon kliyan revni modere gen yon aparèy chofaj dlo aje epi rele pwogram nan pou jwenn èd. Sant Enfòmasyon an ta...

- Fè analiz elijiblite debaz pou kliyan an konnen **tout** ankourajman etatik ak federal ki disponib
- Konekte kliyan an ak yon enstalatè ak/oswa sa yo bezwen fè pou jwenn aksè nan fon yo
 - kontakte Bank Klima a nan non kliyan an epi bay premye enfòmasyon pou Bank Klima a ka fè swivi; antre sa nan platfòm done pou si kliyan an rele ankò epi poze kesyon, yo konnen estati prè a.
- Ogmante enfòmasyon sou itilizasyon enèji nan platfòm done a pou idantifye si kliyan an ta ka yon bon kandida pou elèktrifikasyon pi konplè
- Enfòmè kliyan an sou avantaj ak dezavantaj pou pouswiv yon pwojè konplè kont senp aparèy chofaj dlo ponp chalè a epi ofri yon evalyasyon bilding lan
- Kreye yon rapò evalyasyon bilding ki gen tout enfòmasyon ki nesèsè pou kliyan an gen aksè a tout elektrifikasyon, efikasite ak pwoteksyon kont move tan, enèji solè sou plas, ak asenisman lojman, elatriye.
 - Mete enfòmasyon sou laj aparèy yo nan platfòm done pou si kliyan an pa ranplase sistèm HVAC nan moman sa a, gen yon swivi nan X ane anvan li rive nan fen lavi l.



Angajman Kontinyèl Entèvenan yo

Rive nan fen ane a EEA ak ekip VEIC/Salomon an pral fè:

- Reyinyon ak gwoup diskisyon yo avèk:
 - Mass Save PAs ak responsab aplikasyon pwogram yo
 - Konpayi Elektrik Minisipal (MLPs)
 - Minisipalite yo ak ajans planifikasyon rejyonal yo
 - Gwoup biznis yo
 - Pwofesyonèl efikasite enèjetik yo
- Jistis anviwònmantral ak òganizasyon sèvis ekite yo
- De seyans odyans piblik nan kòmansman mwa desanv

VEIC/Solomon pral fè sentèz rezilta yo epi itilize yo pou fè chanjman posib nan sa yo pwopoze a.

chemen pou yo swiv, tankou

Kesyon Kle pou Entèvenan Piblik yo

- Ki aspè nan pwopozisyon an (egzanp dyapozitif 10-20) ki ta bay plis avantaj e poukisa? Ki sa ki ta ka difisil?
- Ki chanjman ou ta rekòmande pou youn oswa lòt aspè pwopozisyon an? Èske gen gwo lakin?
- Ki modèl administratif (yon sèl administratè nan tout eta a, oswa modifye seri PA ki egziste deja a) ou prefere e poukisa?
- Èske ou ta sipòte lejislasyon ki te fè chanjman ki nesesè yo pou nenpòt nan de modèl administratif yo fonksyone jan sa dekri a?

Estrateji EJ Tribal

Kòmantè ak Kesyon Piblik la

*Tanpri limite chak kòmantè a de minit pou pèmèt
lòt moun pale*



WHAT'S
NEXT?

Pwochen Etap yo & Fen Reyinyon an

Ou ka jwenn enfòmasyon sou
EJC a ak reyinyon li yo nan

[https://www.mass.gov/orgs/en
vironmental-justice-council-ejc](https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council-ejc)